



Pou Piblikasyon Imedya: 28/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRIM 5 MILYON DOLA POU 65 FOUNISÈ
SÈVIS VYOLANS DOMESTIK NAN TOUT ETA A**

Lajan yo pral jwenn dirèkteman sivivan vyolans domestik yo pou sipòte bezwen kritik yo

Angajman anyèl la bay priyorite Eta Leta 2024 Gouvènè a pou etabli fon SAFE (Sivivan Jwenn Aksè ak Mwayen Finansye)

Vini apre anons plis pase 35 milyon dola nan finansman Eta New York pou sipòte vyolans domestik

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 65 pwogram atravè eta a pral resevwa finansman kòm yon pati nan yon envestisman 5 milyon dola pou sipòte bezwen sivivan ak viktim vyolans domestik yo. Pou respekte priyorite Eta Leta Gouvènè Hochul la, bidjè dekrete ane sa a te etabli fon Sivivan Jwenn Aksè ak Mwayen Finansye (Survivors Access Financial Empowerment, SAFE) kòm yon kouran finansman renouvlab pou sivivan vyolans domestik. Gouvènè a tou [te sekirize](#) 35 milyon dola nan bidjè a pou bay lapolis ak avoka distri yo zouti yo bezwen pou anpeche ak pouswiv krim vyolans domestik atravè entèvansyon ki baze prèv, santre sou sivivan, ak adapte pou twomatis.

"Mwen rete trè angaje nan sipòte Nouyòkè ki afekte pa vyolans domestik ak envesti nan nouvo estrateji pou abòde domaj abi yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pou anpil sivivan, aksè limite a finans rete yon obstak pou jwenn pi gwo sekirite pou tèt yo ak fanmi yo. Envestisman sa a nan asistans ijans ki sible a pral pèmèt sivivan jwenn estabilite epi konsantre sou gerizon."

Prim yo pral distribiye atravè [Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik](#) (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) Eta New York pou pwogram ki dirèkteman sèvi sivivan ak viktim yo epi yo pral itilize pou bezwen kritik tankou edikasyon ak fòmasyon pou sekirite travay, manje ak founiti pou kay la, depans pou demenajman, asistans legal, paman sèvis piblik, transpò, ak sèvis sante fizik ak mantal, ansanm ak sèvis ki gen rapò ak timoun. New York rete youn nan sèlman de eta nan peyi a ki atribiye dola eta a pou kalite asistans finansye fleksib sa a.

Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik lan Kelli Owens te deklare, "Finansman sa a pral bay sivivan ak viktim vyolans domestik yon asistans ijans enpòtan, ede yo ak bezwen debaz yo epi, nan anpil ka, jwenn pwoteksyon ak sekirite. Mèsi, Gouvènè Kathy Hochul, pou investisman sa a epi mèsi ak tout moun ki te patisipe nan diskisyon yo sou fason pou pi byen administre lajan yo."

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare, "Nou nan Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip enpòtan li sou prevansyon vyolans domestik ak sèvis pou sivivan. Nou fyè pou nou travay ak patnè ajans eta nou yo, tankou OPDV, pou amelyore sekirite piblik nan sipòte entèvansyon efikas sou vyolans domestik ki ede sove lavi. Patenarya nou yo avèk ajans eta ak lokal yo, ki gen ladan lidè ki fè respekte lalwa yo ak founisè sèvis vyolans domestik yo, fè tout diferans pandan n ap ogmante efò nou yo pou anpeche ak diminye vyolans anvayisan sa a."

Biwo Sèvis Viktim (Office of Victim Services, OVS) Eta New York la sipòte sèvis tou atravè rezo pwogram asistans pou viktim nan tout eta a, pandan l ap ofri asistans finansye pou founi yon rezo sekirite enpòtan epi ede viktim krim yo, ki gen ladan sivivan vyolans domestik, avèk depans medikal ak konsèy, depans pou finerey ak antèman, salè pèdi ak sipò. New York se sèl eta nan peyi a ki pa gen yon limit sou depans pou konsèy oswa medikal, sa vle di ke moun yo ka resevwa èd otan ke yo bezwen l. Pandan [kalifikasyon pou konpansasyon oswa ranbousman](#) detèmine pa mwayen aksè yon moun ak resous, ki gen ladan asirans sante, ak restitasyon ak règleman sivil ki soti nan krim lan, pwogram asistans pou viktim yo bay sèvis ak sipò gratis pou nenpòt moun ki bezwen yo.

Direktè Enterimè ak Avoka Biwo Sèvis pou Viktim Eta New York la, John Watson, te deklare, "OVS fyè pou l kreye patenarya ak Gouvènè Hochul, OPDV ak DCJS nan misyon enpòtan pou sipòte sivivan vyolans domestik yo. Nou remèsye Gouvènè a ak ajans patnè nou yo pou travay yo fè pou ede asire sivivan yo resevwa resous yo bezwen pou simonte defi yo fè fas ak pou yo pwospere. Nou ta renmen tou raple sivivan yo ak founisè yo ke OVS la pou ede."

[OVS Resource Connect](#) se yon zouti sou entènèt ki pèmèt Nouyòkè yo fasilman chèche pwogram yo selon preyokipasyon espesifik yo oswa pwoblèm y ap fè fas yo. Vizite [sitwèb Biwo Sèvis pou Viktim](#) yo pou jwenn plis enfòmasyon ak swiv ajans lan sou [Twitter](#) ak [Facebook](#).

Viktim vyolans domestik k ap chèche asistans ka vizite opdv.ny.gov pou yo jwenn yon lis founisè nan zòn yo. Liy Asistans nan Telefòn kont Vyolans Domestik ak Seksyèl la disponib 24/7: 800-942-6906 (call), 844-997-2121 (tèks) or [@opdv.ny.gov](https://twitter.com/opdv.ny.gov) (tchat).

Gen yon lis pwogram k ap resevwa prim ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)